Delè ak Pwolongasyon pou Pwogram TAFDC

Yon Gid pou Fanmi

Pou Konbyen Tan Fanmi M Ka Resevwa TAFDC?

Massachusetts gen yon règ konsènan konbyen tan fanmi yo ka resevwa TAFDC lè yon paran oswa yon responsab oblije respekte règ travay yo:

24 mwa (2 zan) nan yon peryòd

60 mwa (5 an)

- Nan Fanmi ki gen de paran yo, chak paran resevwa pwòp peryòd 24 mwa pa li. Delè pou fanmi an depann de paran ki te itilize plis kantite mwa a.
- Apre yon peryòd itilizasyon 24 mwa, TAFDC pral fini, amwenske yo ba ou plis tan. Sa rele yon pwolongasyon.



Pwofite tan w nan pwogram TAFDC a nan kòmanse patisipe nan pwogram

Kisa yon pwolongasyon ye?

Yon pwolongasyon ba ou 3 mwa anplis nan èd TAFDC. Ou ka mande plis pase yon pwolongasyon. Pa gen limit sou kantite pwolongasyon ou kapab resevwa.

Kijan m ka jwenn plis tan ak TAFDC?

Lè w prèske rive nan fen peryòd ou a, ou pral resevwa yon lèt konsènan yon randevou pou pwolongasyon. Se yon rankont ak responsab dosye w la pou diskite sou fason pou w kenbe benefis ou yo pou plis pase 24 mwa.

Pou w ka jwenn plis tan, yon pwolongasyon, ou dwe toujou kalifye pou TAFDC.

- Tout paran ak responsab ka mande yon pwolongasyon.

Paran ak responsab yo pral jwenn yon pwolongasyon otomatikman si:

- Yo gen yon Plan Pathways to Work aktif, epi
- Yo respekte règ travay yo nan:
  - Travay,
  - Fè yon aktivite Pathways to Work, oswa
  - Yon konbinezon aktivite ki apwouve.

Fason DTA Pran Desizyon Konsènan Yon Pwolongasyon

DTA pral pran bagay sa yo an konsiderasyon lè l ap deside si fanmi w ka jwenn plis tan:

1. Èske ou te patisipe nan aktivite travay oswa edikasyon, epi èske ou kontinye ap fè aktivite sa yo kounye a?
2. Èske w ap travay sou objektif ou yo pou ede fanmi w?
3. Èske ou te refize yon travay, redui kantite lè ou travay, oswa kite yon travay san yon rezon valid?
4. Èske ou te respekte règ DTA yo pandan w t ap resevwa TAFDC?
5. Èske gen travay toupre w ke ou ta ka fè?
6. Èske gen sèvis gadri sekirize epi ki louvri lè w ap travay ak lè w ap vwayaje?

Si ou pa t patisipe nan yon aktivite epi ou pa gen yon rezon valid pou sa, DTA ka refize demann ou an.

TAFDC-TLE (Haitian Creole) (10/2026)
02-741-1026-02

Ki moun ki deside si li posib pou m jwenn yon pwolongasyon?

Nan DTA, komisè a oswa reprezantan li a pral deside.

Yo pral gade:

- Kisa w ap fè pou prepare w pou yon travay aplentan?
- Si w patisipe nan aktivite tankou:
  - Fòmasyon
  - Kou oswa lekòl
  - Rechèch travay oswa atelye
  - Estaj
- Si w te pale DTA de bagay ki te rann li difisil pou ou patisipe nan aktivite sa yo.
- Si w te itilize èd DTA te ba ou a.
- Si w te gen yon rezon valid pou w pa t fè aktivite yo.

Yon rezon ta kapab:

- yon pwoblèm sante tanporè ki rann li difisil pou w travay oswa pou w patisipe nan yon aktivite
- andikap yon lòt manm fanmi
- pwoblèm transpò oswa gadri pou timoun
- kriz familyal oswa sitiyasyon ijans

Kisa k ap rive lè pwolongasyon m nan fini?

- Si w toujou respekte règ travay yo, li posib pou jwenn yon lòt pwolongasyon.

E si mwen pa mande yon pwolongasyon?

Si yo pa ka apwouve w otomatikman epi:

- Ou pa ale nan randevou pwolongasyon an oswa
- Ou pa mande yon pwolongasyon,

TAFDC w la pral fèmen nan fen peryòd delè w la.



E si yo pa apwouve m pou yon pwolongasyon?

Si yo pa apwouve w pou yon pwolongasyon epi ou itilize tout tan ou te genyen an, dosye TAFDC w la pral fèmen.

Èske m ka jwenn TAFDC ankò apre delè m nan fin pase?

Wi. Si delè w la fin pase, ou ka resevwa èd ankò si ou ranpli kondisyon espesyal yo ki rele "egzansyon". Responsab dosye w la ka di w plis sou sa.

Èske yo ka chanje règ sou delè yo pou mwen?

Wi. Si ou se viktim vyolans domestik, ou ka mande yon egzansyon. Sa vle di ke delè yo bay la kapab pa aplike a ou menm. Pou w ka jwenn yon egzansyon, ou dwe rankontre ak yon Espesyalis sou Vyolans Domestik nan DTA. Responsab dosye w la ka ede w konprann règ yo.

Enfòmasyon Enpòtan Ou Dwe Sonje

- Kòmanse bonè nan Pathways to Work, menm si ou poko oblije fè sa.
- Si gen yon bagay ki anpeche w patisipe, fè nou konnen osito ke posib!
- Pa tann jiskaske dosye w la fèmen pou w pale ak responsab dosye w la nan FEW.

Ou bezwen èd?

- Kontakte responsab dosye w la
- Jwenn enfòmasyon anliy sou DTA Pathways to Work oswa
- nan konekte ak yon Travayè Angajman Konplè